# BALET-ONIŃ TÁǴDIRI HÁM MUXABBATI.

**B.Tursınmuratova,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzey ilimiy xızmetkeri*

**R.Bóribaeva,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzey ilimiy xızmetkeri*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19604286

***Annotaciya.*** *Maqalada balerina Z. Dawletmuratovanıń dóretiwshilik jumısı, onıń milliy balet kórkem ónerinıń rawajlanıwına qosqan úlesi hám saxnalıq obraz jaratıw sheberligi analizlenedi. Balerinanıń repertuarı, atqarıw usılı, plastikalıq kórinis quralları hám milliy ayaq oyını dástúrleri menen klassikalıq balet texnikasın úylestiriwdegi ózine tán qatnası ilimiy jaqtan talıqlanadi.Balerinanıń ómir jolı,erisken jetiskenliklerine keńnen sholıw berilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *balet, plastika, balerina, tanca,Jizel,Tumaris, Shekspir.*

***Annotation.*** *The article analyzes the creative work of ballerina Z. Davlatmuratova, her contribution to the development of national ballet art, and her skill in creating stage characters. The ballerina's unique contribution to the harmonization of her repertoire, performance style, plastic means of expression, and national dance traditions with classical ballet techniques is scientifically analyzed. A comprehensive overview of the ballerina's career and achievements is provided.*

***Keywords:*** *ballet, plastic, ballerina, dance, Giselle, Tomaris, Shakespeare.*

Balet-nazik qıymıl,tereń sezim hám úlken sabır shıdam talap etetuǵın óner.Balet-Evropa ellerinde payda bolǵan klassikalıq saxna óneri.Onıń tariyxı XV-XVI-ásirlerge,yaǵnıy oyanıw (Renessans) dawirlerine barıp taqaladı. Asirler boyı jetilip kelgen, klassikalıq balet dástúrleri búgingi kúnde de saxnada óz dawamshıların tawıp kiyatır. “Womeńs Dance Traditions of Uzbekistan: Legacy of the Silk Road” kitabında milliy ayaq oyin hám balet ortasındaǵı estetikalıq úylesimlilik hayallar atqarıwı mısalında talqılanadı. Avtordıń atap ótiwinshe, dástúriy ózbek ayaq oyınlarına tán mayda qol háreketleri, bilek hám barmaq plastikası, bet kórinisindegi náziklik hám ishki sezimdi bildiriw usılı klassikalıq balet texnikası menen úylesip, jańa saxnalıq sintezdi júzege keltirgen. Ásirese, sovet dáwirinde professional saxna talapları tiykarında milliy ayaq oyın háreketleri akademiyalıq tártipke salınıp, kompoziciyalıq jaqtan bayıtılǵan.

Kitapta hayal ayaq oyınshılar obraz jaratıwda tek ǵana texnikalıq sheberlik emes, al milliy mentalitet, iybelik hám gózzallıqtı da saqlap qalǵanı atap ótiledi. Sol arqalı balet saxnasında milliylik hám klassikalıq estetika arasındaǵı teń salmaqlılıq támiyinlengeni ilimiy jaqtan túsindiriledi. Sol nazik óner jolınıń, zamanımızdaǵı

ılayıqlı wákilleriniń biri-baletmeyster Zamira Dauletmuratova boldı. Ol balettiń ásirler boyı qáliplesken mektebin saqlaǵan halda, saxnada názik qıymıl, tereń sezim hám obrazlıq orınlaw arqalı óz kórkemlik qol tańbasın jarattı. Balerina 1955-jılı iyun ayında Nokis qalasında zıyalılar shanaraǵında tuwıladı.

Tanca óneriniń sırlı dúnyasına bolǵan tereń muxabbat Zamiranı Nókis qalasınan Tashkent xoreografiya bilim mektebine alıpkeldi. Jas oyınshı ushın balet ónerin úyreniwdiń jalǵız usılı miynet ǵana boldı. 12-jasında Nawayı atındaǵı Mámleketlik opera hám balet úlken teatrı saxnasında óz koncert baǵdarlaması menen shıǵıwǵa erisedi. Eń talantlı dep tabılǵan balalar qatarında Leningrad(Sankt-Peterburg) qalasında ótkerilgen. "Aq túnler" (Belıe nochi) festivalına qatnastı. Zamiranıń Leningradta tálim alıwı oǵan kóp nárseler berdi. Bul jerde balet sırların tereń úyrenip, óz eline haqıyqıy mánidegi professional balerina bolıp qayttı. Jas oyınshı 1973-jıl Xoreografiya bilim ornın pitkeriwshisi dúnyaǵa Anna Pavlovna, Galina Ulanova, Irina Kalpakova sıyaqlı ullı oyınshılardı bergen Leningrad opera hám balet teatrı saxnasında «Silfida» baletinen Silfidanıń quramalı partiyasın atqardı.

SSSR xalıq artisti Natalya Dudinskaya menen Jizel, Odetta-Odilliya hám Mariya obrazları ústinde isler eken, jas balerina óz qaharmanlarınıń ishki dúnyasına tereń kiriwge, olardıń minez-qulqın anıq kórsetiwge umtıldı. Zamira Dawletmuratovanıń dóretiwshilik jolı balet óneriniń mashaqatlı tariyxı menen tıǵız baylanıslı bolıp, onıń saxnadaǵı hárbir rolinde klassikalıq dastúr hám zaman ruwxı óz-ara úylesim tapqanın kóriwge boladı.

"Jizel" partiyasında oynaw hárqanday balerinanıń armanı dep bilemen. Ol men ushın obrazınıń, syujetiniń haqıyqatlıǵı, pák muxabbattıń simvolı menen juregime júdá jaqın bolıp qalǵan. Jizel bul meniń tvorchestvomnıń eń balenti, eń biyigi dep esaplayman. Onnan basqa biyik bolmasa kerek. [1, B.216-217]

Tamaraxanım ana usı Jizel haqqında bılay degen edi: "Zamiradaǵı haqıyqatlıqtıń sebebi sonda, ol heshkimge uqsawǵa umtılmaydı hám heshkimnen kóshirmeydi. Onıń Jizeli- bul Zamiranıń ózi. Men bul obrazdı óz dáwirinde ullı, ólmes adamlar-Mayya Pleseckaya atqarıwında kórgenmen. Maǵan unaǵan kóp ǵana ataqlı shet el balerinalarınıń atqarıwın baqlaǵanman. Biraq, Zamiranıń Jizeline isenemen hám ol meniń kewlime júda jaqın, sebebi bul Jizel balerinanıń ózi sıyaqlı ashıq kewilli tábiyat perzenti" [1, B. 94-95]

Zamira Dawletmuratovanıń óziniń estetikalıq dúnyasına isenim Moskvada ótkerilgen balet artisleriniń xalıqaralıq konkursında jaqsı kórindi. Ózbekistannan birinshi bolıp joqarı konkurstıń diplomına iye boldı. Dúnya balet iskusstvosı ustalarınıń sheberligi balerinaǵa jańa kúsh- ǵayrat baǵıshladı. T. Xrennikovtıń

"Muxabbatqa muxabbat penen" baletinde Shekspir qaharmanı Beatriche obrazın dóretti. Beatriche komik obrazı aktrisadan sumlıqtı, takapbırlıqtı, óz bildigine ketken qız kelbetin sáwlelendiriwdi talap eter edi. Usı waqıtqa shekem balerina tvorchestvosında bunday harakterli obraz bolmaǵan. Zamira aldın seskendi. Biraq, jumıstan qashpadı izleniw jolların muzikadan taptı.

Ózbekstanǵa xızmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, mámleketlik sıylıqtıń laureatı, kompozitor Uluǵbek Muwsaevtıń "Tumaris" baletin SSSR xalıq artistleri Natalya Dudinskaya hám Konstantin Sergeevlar (Vaganova atındaǵı Leningrad akademiyalıq xoreorgafiya uchilishesiniń pedagogları) joqarı baha berdi. U. Muwsaevtıń "Tumaris" baletin kórip, olar Zamiranıń dóretiwshiligindegi obraz sheshimine tań qalıwshılıq penen baha berdi. Olar Zamiranıń premerasına Leningradtan keldi. Tumaris obrazı-óz xalqınıń awır júgin óz moynı menen kótergen dáwir qarsılıqların erlik penen jeńgen qaharman hayal. Tumaris Zamiranıń birinshi monologi gúreske, azatlıq ushın sawashqa shaqırıq bolıp jańlaydı. Balerinanıń qol háreketleri kútá tásirli hám kóp mánili bálentke kóterilgen qollar, apiwayı hayal-ananıń ǵázebin, azabın hám shaqırıǵın sezemiz. Ajayıp sezimlerge tolı Tumaris-Zamira Dawletmuratovanıń otkir plastikalıq «sózi» tiykarında putkil xalıqlarǵa qaratılǵan-quraldı taslaw hám tınısh-tatıw jasawǵa shaqırıq jatadı.

Balerina dóretken Tumaris obrazı keń kólemli hám quramalı. Onıń hárbir oyın háreketi simvol dárejesine kóterilgen ullılıqtan ibarat. Aktrisa Tumaris penen ushrasıwǵa on jıllıq tvorchestvolıq joldı basıp ótti.

Zamira bılay esleydi: obraz jaratıwda kóplegen adebiy kitaplardı oqıǵanman. I.Yusupovtıń poeması maǵan qaharmanımnıń xarakterin ashıp beriwde kúshli túrtki boldı. Talantlı shayırlardıń talantlısı bolgan I. Yusupov Tumaristiń psixologiyalıq portretin shtrix penen dál sızıp berdi hám onı tariyxıy tulǵa sıpatında biyiklerge kóterdi. [1, B. 82-83]

Ózbekstan Qaharmanı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı I. Yusupov Tashkentke kelgeninde, A. Nawayı atındaǵı Zamiranıń "Tumaris" spektaklin tamasha etti. Spektaklden soń, ol bılay dedi: Qızım, sen meniń haqıyqıy Tumarisimseń!» Usı sózlerdi aytar eken, zaman shayırı balerinanıń mańlayınan súyip, oǵan ákelershe jaqsı tilekler bildirdi! Balerina ushın bunnan artıq berilgen baha bolıwı múmkinbe? Tumaris obrazı aktrisa tvorchestvosınıń Gúltajına aylandı. Pushkin shıǵarmasınıń qaharmanı "Mariya" Z. Dawletmuratovanıń Nawayı atındaǵı debyuti boldı. Mariya obrazı bul ballerina atkarıwındaǵı ózine tán jarasımlı oynaldı. Zamiraǵa qaddi tik Mariya rolin oynaǵan, óziniń shın muxabbatın ańlatqan, Shopeni ana ruwxı menen tolıp-tasqan partiyası kóbirek unaytuǵın edi. Zamira Dawletmuratovanıń

fotosuwretleri, hújjetlerin, orden-medalların hám xudojnikler A. Xudaybergenov, V. Xalimanovlar tárepinen islengen portretlerin Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám madeniyatı mámleketlik muzeyine, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri Tamara Davletmuratova tapsırdı. Balerinanıń dóretiwshilik jolı, saxnada jaratqan obrazları tek teatr saxnasında emes, al súwretlew óneri shıǵarmalarında da óz kórinisin tapqan. Muzeydegi A. Xudaybergenovtıń kartinasında, Zamira Dawletmuratova obrazı oraylıq kompoziciyada berilgen. Balerina puantada (ayaq ushında) turǵan halda, qolları jeńil hám názik qıymıl háreketler menen kórsetilgen. Shıǵarma vertikal baǵıtta kórsetilgen. Balerina orayda jaylasqan,artında aynada sawlesi kórinedi. Bul kompoziciya ekilik obraz- haqıyqıy insan hám onıń sáwlesi-ishki dúnya menen sırtqı kórinis arasındaǵı baylanıs dep talqılawǵa boladı.

Reńler hám jarıqlıq: Shıǵarmada, jumsaq túsler-kók,kúlreń hám aq reńler basım. Aq balet kóylegi fonnan ajralıp shıǵıp qaharmanǵa jarıqlıq hám páklik keypiyatın beredi. Jaqtılıq joqarıdan túsip atırǵanday súwretlengen bolıp-bul saxna kórinisin eske saladı. Figura hám plastika: Balerinanıń denesi sozınqı,teńselmeli hám jeńil etip berilgen. Ayaqlarınıń puantada turıwı-onıń kasiplik sheberligi, turaqlılıǵın hám sabırlıǵın ańlatadı. Qol qıymılları bolsa ishki tınıshlıq hám árman úmitler, arzıwlarǵa jetisiw aldındaǵı halattı kórsetedi.

Aynadaǵı sáwle: Aynadaǵı sáwle-shıǵarmanıń tiykarǵı kórkemlik sheshimi. Ol tek keńislikti kórsetpey, qaharmannıń ozine názer salıwı, ózin ańlawınıń simvolı retinde de súwretlenedi. Ulıwmalıq mazmunı: Kartinada balet óneriniń sırtqı gózzallıǵı menen birge onıń artındaǵı, awır fizikalıq háreketler, qanap ketken ayaqlar jatır. Juwmaqlap aytqanda, balerinanıń dóretiwshilik jolı hám saxnada jaratqan obrazları tek onıń jeke sheberligin emes, bálkim milliy balet óneriniń rawajlanıwına qosqan ılayıqlı úlesinde kórsetedi.

Muzey ekspoziciyasındaǵı balerinanıń obrazın –xudojnik A.Xudaybergenov onıń saxnadaǵı ruwxı, názikligin hám ishki dúnyasınıń pákligin, jarıq reńlerde kórsetken. Jeke ozine tiyisli hújjetleriniń muzey fondına tapsırılıwı bolsa, usı óner jolın keleshek áwladqa jetkerip beriwdey iygilikli islerdi kózde tutadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. T.T.Davletmuratova «Araldıń Akkuwı» Nokis «Qaraqalpaqstan» 2020j
2. Axmetjan Raximov «Amiwdarya» 6/1986
3. K.Reymov. «ErkinKarakalpakstan» gazetası,2018-jıl,22-noyabr, №141
4. Elmira Saytjanova. «Qaraqalpaqstan mádeniyatı» gazetası, 2017-jıl,25-noyabr,№27 «Qunlı miynet»
5. L.V.Gray. "Women's Dance Traditions of Uzbekistan: Legacy of the Silk Road",2024,18-aprel